# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ
# ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИНИҢ БУЙРЫҒЫ

**Жуўмақлаўшы мәмлекетлик аттестациядан өткериў ҳаққында**

Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2008-жыл 4-марттағы 56-санлы буйрығы менен тастыйықланған ҳәм Әдиллик министрлигинен 2008-жыл 20-мартта дизимнен өткерилген «Улыўма орта билим алыўшылардың жуўмақлаўшы мәмлекетлик аттестациясы ҳаққында»ғы Режениң 39-бәнтине тийкар, соның менен бирге Хожели районы, «Күн-нуры» МПЖ, Сагдияна көшеси 11-жайда жасаўшы пуқара М.Абдреймованың мүрәжат арзасын инабатқа алып **буйыраман:**

1. Хожели районы, «Күн-нуры» МПЖ, Сагдияна көшеси 11-жайда жасаўшы пуқара М.Абдреймованың мүрәжат арзасы инабатқа алынсын ҳәм қанаатландырылсын.

2. Хожели районлық халық билимлендириў бөлимине қараслы 18-санлы улыўма орта билим бериў мектебиниң 11-класс оқыўшысы А.Нурбековтың ҳүжжетлерин үйренип шығып, Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2008-жыл 4-марттағы 56-санлы буйрығы менен тастыйықланған ҳәм Әдиллик министрлигинен 2008-жыл 20-мартта дизимнен өткерилген «Улыўма орта билим алыўшылардың жуўмақлаўшы мәмлекетлик аттестациясы ҳаққында»ғы Режениң 39-бәнтин басшылыққа алған ҳалда мүддетинен бурын жуўмақлаўшы мәмлекетлик аттестациядан өткериўге рухсат етилсин.

3. Хожели районлық халық билимлендириў бөлими (К.Файзуллаева) не:

-жуўмақлаўшы мәмлекетлик аттестацияның Реже талапларына сай түрде өткерилиўин тәмийинлеў;

- жуўмақлаўшы мәмлекетлик аттестация материалларының толық ҳәм сапалы таярланыўын қадағалаў;

-өткерилген жуўмақлаўшы мәмлекетлик аттестация нәтийжеси бойынша улыўмаластырылған мағлыўматты Республикалық Оқыў методикалық орайына жеткериў ўазыйпалары тапсырылсын.

3.Усы буйрықтың орынланыўын қадағалаў министрдиң биринши орынбасары ўазыйпасын ўақтынша атқарыўшы Қ.Бекбаулиевқа жүкленсин.

**Министр** **Р.Реимов**

Нөкис қаласы.
2021-жыл 25 - май
126 - санлы